Pou piblikasyon imedya: 21/06/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO VOYE YON LÈT BAY OFISYÈL PORT AUTHORITY KONSÈNAN YON LIY SIKILASYON YO TE FÈMEN NAN TINÈL LINCOLN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te voye yon lòt bay John Degnan, ki se prezidan Port Authority of New York and New Jersey, Steven Cohen, ki se vis-prezidan, ak Patrick Foye, ki se direktè egzekitif, konsènan yon liy sikilasyon yo te fèmen nan tinèl Lincoln. Ou ka gade yon kopi lèt la la ak pi ba.

21 jen 2016

Chè prezidan Degnan, vis-prezidan Cohen ak direktè egzekitif Foye:

Nan kèk dokiman tribinal ki fèk parèt konsènan yon akizasyon koripsyon kont kèk manm depatman lapolis vil New York, yo te remake yon biznismàn,"grasa koneksyon li nan ajans la polis lokal yo, te fè yon liy sikilasyon fèmen nan tinèl Lincoln e li te fè lapolis eskòte yon biznismàn ki t ap vizite Etazini sou wout sa a." Si se toutbon sa te rive, sa vrèman boulvèse m.

Mwen mande biwo enspektè jeneral New York State and Port Authority mennen yon ankèt pou yo detèmine aklè ki wòl ajan Port Authority yo te jwe nan sitiyasyon sa a nan kad akizasyon sa yo. Depatman lapolis vil New York pa gen okenn otorite anndan tinèl la. Si kèk manm Port Authority oswa PAPD te patisipe nan sa, kit se esprè yo te fè sa, kit se akoz neglijans yo, leta a ap aplike yon seri konsekans ki serye san pèdi tan.

Leta New York bay entegrite fonksyonè piblik yo anpil enpòtans. Lè yon moun ki sipoze fè lòt moun respekte lalwa sèvi ak pozisyon li pou l jwenn yon avantaj pèsonèl, se nou tout ki menase. Nou pap ka pèmèt pèsonn jwe ak Port Authority a pou l twonpe moun.

Tanpri pran kontak ak U.S. Attorney for the Southern District of New York ak Federal Bureau of Investigation anvan w poze yon aksyon.

Tanpri resevwa salitasyon m yo,

ANDREW M. CUOMO

###

W ap jwenn lòt nouvèl sou sitwèb www.governor.ny.gov
Leta New York | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418